# Respublikalıq áhmiyettegi Qońırat-Moynaq avtomobil jolında ońlaw jumısları alıp barılıp atır

Image not found or type unknown

Respublikalıq áhmiyetke iye 4 R-173 Qońırat-Moynaq jónelisindegi avtomobil jolınıń 33-63-km. aralıǵında Moynaq rayonı jollardan paydalanıw unitar kárxanası tárepinen kúndelikli ońlaw jumısları alıp barılmaqta.

Kúndelikli ońlaw jumısları sheńberinde avtomobil jolında payda bolǵan kemshilikler saplastırılıp, jaramsız jaǵdayǵa kelgen bólimleri freza menen islew beriw jolı arqalı jol qaplaması qırıp alındı hám qara qaplama tóseldi.

Turaqlı túrde avtomashinalar qatnawı bolatuǵın avtomobil jolında kúndelikli ońlaw jumısların alıp barıwdıń áhmiyeti ayrıqsha. Sebebi, awır júk mashınaları hám basqa da sırtqı faktorlar nátiyjesinde joldıń ayırım bólekleri jaramsız jaǵdayǵa keliwi múmkin. Alıp barılǵan kúndelikli ońlaw jumıslarında avtomobil jolında payda bolǵan hár qıylı jarıqlar hám basqa da kemshilikler saplastırıladı.

**Qaraqalpaqstan Respublikası Avtomobil jolları aymaqlıq bas basqarması**